



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE 23.5 MILYON DOLA POU KONBAT KRIM AK SIPÒTE SEKIRITE PIBLIK NAN KONTE SYRACUSE AK ONONDAGA

Aprè tandans sekirite piblik ki twoublan ki enplike jèn yo, Gouvènè anonse yon nouvo investisman 2.5 milyon dola pou kreye pwogram reyabilitasyon pou jèn yo

2 milyon dola nan finansman pou dezyèm ane Project RISE la pou sipòte òganizasyon kominotè k ap abòde vyolans nan katye yo

Investisman 3.2 milyon dola rekò nan fòs lòd la pou Konte Onondaga ki enkli nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam nan tout eta a

Gouvènè a kontinye finansman rekò pou fòs lòd lokal yo gras ak yon lòt investisman 3.2 milyon dola nan ajans fòs lòd yo nan konte Onondaga

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou 23.5 milyon dola nan investisman sekirite piblik eta a nan Vil Syracuse ak Konte Onondaga pou ajans ki fè respekte lalwa yo ak òganizasyon kominotè yo, ki gen ladan 2.5 milyon dola nan nouvo finansman pou etabli pwogram reyabilitasyon pou ranfòse sèvis yo ak konekte jèn ki enplike nan jistis ak edikasyon ak opòtinite travay. An menm tan, Gouvènè Hochul te detaye nivo investisman 3.2 milyon dola ekò eta a atravè inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) eta a, 3.2 milyon dola nan finansman teknoloji ak ekipman pou ajans fòs lòd konte yo, ak 2 milyon dola nan finansman dezyèm ane atravè Project RISE pou sipòte òganizasyon kominotè k ap abòde enpak vyolans ak zam epi bay opòtinite pou jèn yo.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen, epi n ap double efò nou pou kenbe rezidan Konte Syracuse ak Onondaga yo an sekirite nan bay fòs lòd la plis sipò, ranfòse inisyativ prevansyon vyolans ak zam ak agrandi pwogram reyabilitasyon pou jèn yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou itilize yon apwòch ki gen plizyè pwen ki santre sou bezwen lokal yo, n ap travay pou kontwole aktivite kriminèl yo epi kreye katye ak kominote ki pi an sekirite."

Aprè li fin rankontre ak lidè eli lokal yo ak lidè kominotè yo, Gouvènè Hochul te detaye investisman eta a nan Vil Syracuse ak Konte Onondaga, ki te administre pa Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la. Apre sa, yo te

idantifye solisyon pou adrese yon ogmantasyon krim sou pwopriyete ki enplike adolesan ki lakòz yon ogmantasyon jeneral nan krim nan Syracuse nan premye nèt mwa yo nan ane a konpare ak menm tan an 2023.

Vil Syracuse pral resevwa 1.5 milyon dola nan nouvo finansman pou etabli yon nouvo pwogram ki dedye ak bay jèn ki enplike nan sistèm jistis yo kou estriktire pou devlope konpetans, sipò pou navige sistèm edikasyon ak sistèm jistis la, ak estaj ak lòt resous ak objektif pou evite plis enplikasyon nan sistèm jistis kriminèl la.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral dedye 1 milyon dola anplis pou amelyore altènatif jistis pou jèn yo ak pwogram ak sèvis reyabilitasyon nan Depatman Pwobasyon Konte Onondaga. Envestisman sa a pral asosye ak asistans teknik devwe nan men DCJS pou ede konstwi kapasite gouvènman lokal yo ak òganizasyon kominotè yo pou entèveni nan lavi jèn sa yo, chanje fason yo panse ak konpòtman yo, epi ankouraje devlopman pozitif.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la, Rossana Rosado, te deklare, "Nou te fè anpil pwogrè nan diminye vyolans ak zam ak krim vyolan nan Eta Nouyòk, men kominote yo atravè eta a yo chak gen pwòp defi pa yo. Gouvènè Hochul te fè li vin yon priyorite pou asire ke DCJS gen yon kantite resous rekò ki disponib pou ede fòs lòd lokal nou yo ak patnè kominotè yo devlope estrateji ak pwogram konplè pou abòde ogmantasyon krim espesifik nan kominote a olye ke yo konte sou yon apwòch global. Nou kreye katye ki pi solid, ki pi an sekirite lè nou koute, aprann nan men, epi invest nan patnè lokal nou yo."

De nouvo investisman sa yo se entegral nan plan konplè Gouvènè Hochul la pou amelyore sekirite piblik la, abòde ogmantasyon krim ak diminye plis vyolans ak zam lè yo rekonèt enpòtans yon apwòch ki gen divès aspè fas ak pwoblèm nan. Lè yo angaje, sipòte ak finance ajans fòs lòd lokal yo ak patnè kominotè yo; pwofite teknoloji ak done; epi mete an aplikasyon estrateji ki baze sou prèv, eta a ka ede lokalite yo adrese pwoblèm krim inik pa yo pandan y ap geri ak ranfòse katye yo ak fanmi yo.

Inisyativ sa yo nan vil Syracuse ak Konte Onondaga genyen ladan yo:

Project RISE (Reponn, Envesti, Soutni, Ekipe): 2 milyon dola pou 11 òganizasyon kominotè nan Syracuse ki bay sèvis sante mantal, entèvansyon kriz, konseye, ak fòmasyon pwofesyonèl ak travay, alfabetizasyon finansye, ak rezolisyon konfli, pami lòt sèvis pou jèn ak fanmi ki an risk oswa ki afekte pa vyolans. Sa a se dezyèm ane ke Syracuse te resevwa finansman atravè inisyativ la, ki angaje ak moun ki gen enterè nan kominote a pou idantifye ak sipòte pi piti, òganizasyon de baz yo k ap fè travay ki chanje lavi ki pa gen kapasite administratif pou resevwa finansman eta a. Project RISE pral finance twa òganizasyon prensipal yo – Center for Community Alternatives (Sant pou Altènatif Kominotè) ak Hillside Children’s Center (500,000 dola yo chak) ak On Point for College (1 milyon dola) – ki pral pataje finansman sa a ak uit òganizasyon ki pi piti: Rise Above Poverty, Image Initiative, Fearless Queens, Project SAVE, Diversify NY, Half Hood Half Holistic, Good Life Youth Foundation ak Klink Kids.

Inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) lan ak Sant Analiz Krim

Nouyòk Santral la: 3.2 milyon dola bay pou patnè GIVE Konte Onondaga yo, Depatman Lapolis Syracuse ak biwo pwokirè distri konte a, depatman pwobasyon, ak biwo cherif la, ak 1.1 milyon dola pou sipòte Sant Analiz Krim lan, youn nan 11 rezo ki finanse ak sipòte eta a an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo.

Depatman Lapolis Syracuse se youn nan 28 depatman nan 21 konte k ap resevwa [prèske 36 milyon dola atravè GIVE, ki egzijè ajans yo sèvi ak estrateji ki baze sou prèy pou redwi fiziyad ak lòt krim vyolan](#). Ane pase a sèlman, anplwaye nan Sant Analiz Krim Nouyòk Santral te bay sipò ankèt an tan reyèl epi yo te okipe plis pase 12,443 demann sèvis, bay done, enfòmasyon ak pis ankèt ki te pèmèt lapolis rezoud omisid, vòl machin ak komès an detay, epi retire zam ilegal nan lari konte a. Ototal, eta a envesti 18 milyon dola pou sipòte [Rezo Sant Analiz Krim](#).

Investisman sa yo ap bay rezilta: Ensidan fiziyad ki enplike blesi nan Syracuse te bese a 29 pousan lè yo konpare nèt premye mwa 2024 yo ak menm tan ane pase a, ak 44 pousan lè yo konpare ak mwayèn senk ane (2019-2024) la. Krim vyolan nan Syracuse te diminye 5 pousan ant janvyè – out 2024, konpare ak menm uit mwa ane pase a; sa a se done ki pi resan ki disponib.

Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la: Prèske 2.3 milyon dola nan Syracuse Community Connections, ak Upstate Medical Center pou finanse travayè sansibilizasyon yo, sekouris lopital yo, travayè sosyal yo ak responsab dosye yo ki se mesaje kredib epi ki ap travay pou diminye fiziyad yo epi sove lavi yo. SNUG itilize yon apwòch sante piblik pou adrese vyolans ak zam nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon, ak trete moun, fanmi ak kominote ki afekte pa vyolans lan. Syracuse se youn nan 14 kominote atravè eta a ki patisipe nan pwogram nan. Investisman eta a nan SNUG totalize 20.3 milyon dola ane sa a.

Teknoloji ak Ekipman pou Fòs Lòd yo (LETECH): Prèske [3.2 milyon dola pou 14 ajans fòs lòd nan Konte Onondaga](#) pou nouvo teknoloji ak ekipman pou anpeche ak rezoud krim epi amelyore sekirite piblik la. Sibvansyon yo sipòte yon varyete ekipman ak teknoloji, ki gen ladan lektè plak machin yo, sistèm kamera siveyans mobil ak fiks, sistèm ekspedisyon asiste avèk òdinatè, lojisyèl, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon kout zam, ak ekipman entelijan pou machin patwouy ak ofisye lapolis yo.

Inisyativ Rediksyon nan Vyolans Konjigal Sible nan tout Eta a (STRIVE): Prèske 1.9 milyon dola pou Konte Onondaga. Vil Nouyòk ak Onondaga ak 19 lòt konte andeyò senk minisipalite yo ap [pataje yon nivo, 35 milyon dola rekò pou ranfòse repons sekirite piblik la nan abi patnè konjigal ak vyolans domestik ak pi byen sipòte sivivan yo](#). STRIVE la ki modle dapre GIVE egzijè pou fòs lòd ak patnè kominotè nan chak konte yo sèvi ak estrateji ki baze sou prèy epi asire ke manm kominote a ak pwogram ki sèvi viktim yo ak sivivan yo patisipe aktivman nan seleksyon ak aplikasyon estrateji. Yo dwe itilize youn oswa plizyè nan estrateji sa yo: [modèl ekip ki gen gwo risk pou vyolans domestik](#), [pwogram evalyasyon letalite](#), oswa [entèvansyon kont vyolans konjigal](#).

[Divizyon Sèvis Jistis Penal](#) la bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis penal Eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòme fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; ak jere finansman sibvansyon jistis penal la. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)